# QARAQALPAQ TILI ANTROPONIMLERINIŃ IZERTLENIW TARIYXÍ

**Seytjanova Gáwhar**
**Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.15734562**

**Annotaciya**: Maqalada túrkiy tillerden ózbek, qazaq hám qaraqalpaq tillerinde antroponimlerdiń búgingi kúnge shekemgi úyreniliw jağdayları, izertleniwiniń tiykarğı bağdarları, wazıypalar, sonday-aq, onomastikası boyınsha alıp barılıp atırğan ilimiy miynetler, olardıń obyektleri hám ózgeshelikleri sóz etilgen.

**Tayanısh sózler:** antroponimika, adam atları, etnografiya, etnolingvistika, sociolingvistika, toponimika, onomastika.

Onomastika til biliminiń menshikli atlardı izertleytuğın bir tarawı bolıp, sonıń ishinde adam atların izertleytuğın bólimi. Hár qanday tildegi antroponimiyanı úyreniw izertlewshige kóp máselelerge anıqlıq kiritiwge járdem beredi. Atap aytqanda, belgili bir aymaqta jasağan xalıqlar, olardıń etnikalıq quramı, jasaw aymaqları, sonday-aq, sol aymaqta jasağan xalıqtıń úrp-ádeti, dástúrleri, kásibi sıyaqlı birqatar faktorlardı anıqlawğa járdem beredi.

Antroponimler xalıq tiliniń rawajlanıw basqıshların ondağı hár túrli ózgerislerdi anıqlawda tiykarğı materiallardıń biri. Antroponimler xalıqtıń, jámiyettiń kúndelikli materiallıq hám siyasiy-ekonomikalıq hám ruwxıy turmısı tiykarında payda boladı.

Antroponimlerdi izertlew, olardıń payda bolıw tariyxın úyreniw kóp nárselerdi anıqlawğa járdem beredi. Sebebi olarda ertede jasağan ata-babalarımızdıń sociallıq, mádeniy-ağartıwshılıq, diniy-filosofiyalıq qarasları, atama tańlap qoyıwdağı sheberlik hám tapqırlığı óz sáwleleniwin tapqan.

Onomastika – qaraqalpaq til biliminiń ótken ásirdiń 60-jıllarınan baslap rawajlana baslağan tarawlarınıń biri. Házirge deyin qaraqalpaq toponimiyası hám antroponimiyasın úyreniw boyınsha bir qatar jumıslar ámelge asırıldı. T.Janzaqovtıń adam atlarına arnalğan dáslepki miynetinde menshikli atlar túsinigi, qazaq tilinde balağa at qoyıw motivleri,adam atlarınıń jasalıwı, grammatikalıq dúzilisi haqqında mağluwmatlar berilgen [6; 7; 8]. Ol qazaq tilindegi antroponim hám etnonimlerdi úyreniwdi dawam ettirip, 1976-jılda doktorlıq dissertaciyasın jaqladı. Dissertaciyanıń birinshi hám ekinshi bapları antroponimlerdi izertlewge bağıshlanıp, qazaq antroponimleriniń mánileri, jasalıwı hám dúzilisi, antroponimler járdeminde basqa da atamalardıń jasalıwı, antroponimler quramında ushıraytuğın qosımtalar, formantlardan tısqarı, qazaq tili antroponimleriniń rawajlanıw tariyxın dáwirlestirgen.Ilimpaz bul miynetleri qatarında qazaq tili antroponimiyası haqqında mağluwmatların uluwmalastırıwshı monografiyalar járiyaladı.

Ózbek tilindegi adam atların izertlew boyınsha E.Begmatov tabıslı miynet etti. Ol 1965-jılı kandidatlıq dissertaciyasın jaqladı. Bul miynet ózbek tili antroponimleriniń tariyxıy-etnografiyalıq,tillik hám sózlik ózgeshelikleri tárepinen birinshi márte keń kólemde izertlengen miynet boldı. Miynet antroponimlerdi lingvistikalıq jaqtan úyreniwge bağıshlanğan bolsa da, onda antroponimler tariyxıy,etnolingvistikalıq,sociolingvistikalıq tárepten izertlengen. Onda ózbek laqapları, familiya hám áke atları da keń talqılanğan. Avtordıń bul miyneti tiykarınan adam atlarınıń mánilik strukturası,semantikalıq hám funkcional tárepten parqı,adam atlarınıń qurılısı, at, laqaplardıń parqı haqqındağı pikirleri berilgen.Ózbek adam atlarınıń imlası hám rus tiline transkripciyasına bağıshlanğan, at tańlawdıń etnolingvistikalıq hám diniy

motivleri,ózbek adam atlarınıń mánileri túsindirilgen miynetleri jarıq kórdi. Ózbek tilinde adam atlarınıń mánileri túsindirilgen miyneti qayta tolıqtırılıp baspadan shıǵarıldı [3; 4; 5].

Sońǵı jılları qaraqalpaq onomastikası til biliminiń rawajlanǵan tarawlarınan birine aylanbaqta. Ásirese, antroponimika, toponimika tarawları boyınsha nátiyjeli jumıslar ámelge asırıldı.

Qaraqalpaq tili onomastikası ótken ásirdiń 50-60-jıllarınan baslap óz aldına ilimiy baǵdar sıpatında úyrenile basladı. N.A.Baskakov birinshilerden bolıp, qaraqalpaq onomastikasın izertlewdiń oǵada zárúr ekenligin atap kórsetti. Ol óziniń «Каракалпакский язык» [1] atlı kólemli ilimiy miynetinde birinshilerden bolıp, qaraqalpaq onomastikasın izertlewdiń áhmiyetli ekenligin ayrıqsha kórsetip ótken edi. Atalǵan miynettiń birinshi tomınıń sońında qaraqalpaqsha adam atlarınıń dizimin beredi. Sonday-aq,avtordıń bir qatar maqalaları qaraqalpaqsha adam atlarınıń ayırım máselelerine baǵıshlandı. Atap aytqanda, qaraqalpaq antroponimikasına arnalǵan maqalasında "gúl" komponentiniń hayal-qızlarǵa baylanıslı menshikli atlar quramında birneshe variantta hám mánide qollanılatuǵınlıǵın,olardıń jasalıw jolların ashıp kórsetti [2].

Qaraqalpaq xalqınıń tariyxı hám etnografiyasın izertlegen tariyxshı alım L.S.Tolstova óziniń izertlewlerinde qaraqalpaqsha ayırım adam atlarına semantikalıq jaqtan sholıw jasaydı. Onıń izertlewlerine qaraqalpaq antroponimlerine semantikalıq jaqtan qısqasha sholıw jasalıp,geografiyalıq atamalarǵa baylanıslı (*Shımbay, Moynaqbay, Tórtkúlbay, Nókisbay, Dáryabay, Teńizbay* t.b ) hám urıw, millet atamalarına baylanıslı (*Qıyatbay, Qıpshaqbay, Túrkmenbay, Qazaqbay* t.b.) qoyılǵan menshikli adam atlarınıń jasalıw jolların lingvistikalıq,tariyxıy-etnografiyalıq materiallar tiykarında dálillengen. Sonday-aq, alımnıń qaraqalpaq xalıq awızeki dóretpelerindegi adam atların úyreniwge baǵıshlanǵan maqalası da jarıq kórdi [9].

Qaraqalpaq tili antroponimikası boyınsha basqa da izertlewler bar.

Solay etip, túrkiy tillerde, atap aytqanda, ózbek, qazaq hám qaraqalpaq antroponimikası boyınsha izertleniwi kerek bolǵan máseleler bar.

## References:
## Используемая литература:
## Foydalanilgan adabiyotlar:

1. Баскаков.Н.А. Каракалпакский язык. I т. М.: Наука, 1951.
2. Баскаков Н.А. Элемент «гүл» роза, цветок в составе каракалпакских женских имен. // Ономастика Средней Азии. М.: Наука, 1978. – 138-142-b.
3. Бегматов Э. Антропонимика узбекского языка: Автореф. дисс.... канд. фил. наук. – Ташкент: Фан, 1965.
4. Бегматов Э. Киши номлари имлоси. – Тошкент: Фан, 1970/
5. Бегматов Э.Ўзбек исмлари изоҳи. – Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 2016/
6. Жанузақов Т. Қазақ тилиндеги жалқы есимдер. – Алма-Ата, 1965.
7. Жанузақов Т. Қазақ есимдерининң тарихи. – Алма-Ата: Ғылым, 1971.
8. Жанузақов Т. Очерк казахской ономастики. – Алма-Ата: Наука, 1982.
9. Толстова Л.С. Топонимы и этнонимы в антропонимии каракалпоков. // Ономастика Средней Азии, вып II. – Фрунзе: 1980, 101-105-b.